



## AVI POLITIK

Operasyon sou teren 2024 - 11

**Règleman:** Pousantaj Ranbousman Asistans Finansye Swen Timoun pou Ane Fiskal 2024

**Dat li an fonksyon:** 1/7/2023 (aplike 1/7/2024)

**Lyen pou règleman:** <https://www.mass.gov/doc/fiscal-year-2024-child-care-financial-assistance-daily-reimbursement-rateshaitian-creole/download>

### REZIME

Bidjè Leta pou dènye ane fiskal 2024 la te prevwa 65 milyon dola pou ogmantasyon pousantaj pou founisè edikasyon yo epi ak gad timoun ki aksepte èd finansye nan men leta pou gad timoun, rele tarif. Sou baz sa a, Ministè Edikasyon ak Gadri timoun pitit (EEC) te pwopoze kèk ogmantasyon sou kantite tarif yo, epitou sou kèk refòm nan fason tarif yo kalkile pou jwenn solisyon ak inegalite ki dire lontan nan kantite tarif pou chak rejyon jewografik epi pou chak gwoup laj timoun yo sèvi yo. Konsèy Edikasyon ak Gadri pou timoun piti te apwouve propozisyon sou tarif EEC a 10 Janvye 2024.

Tarif founisè sèvis gad yo nan fanmi yo mete fen ak konfimasyon yon nouvo kontra avek seksyon lokal 509 SEIU. Nouvo tarif pou responsab sèvis gadri famiyal yo ap kòmanse aplike 1ye Jiyè 2024 epi te fèt 1 Jiyè 2023. Se konsa tou, apati Jiyè, lè nou pral konekte ak CCFA pou soumèt resi Jen 2024 la, founisè sèvis gadri famiyal yo ap wè yon ogmantasyon sou kantite kòb y ap gen pou ranbouse. Sa vle di tou nouvo tarif yo ap aplike sou tout sèvis yo te bay apati 1ye Jiyè 2023, kote responsab sèvis gadri famiyal pral resewva yon sèl pèman an Jiyè pou yo ka wè ogmantasyon yo.

Nouvo tarifs yo pou founisè edikasyon ak gad pou timoun piti nan sant yo te aplike 1ye Fevriye 2024, li te kòmanse 1ye Jiyè 2023.

### APLIKASYON

Règleman sa ap aplike sou tout founisè Edikasyon ak gad timoun ki aksepte yon èd finansye nan men leta pou gad timoun yo.

### MIZAJOU ENPÒTAN YO

Prensipal chanjman yo te pote nan tarif ranbouseman sèvis gad timoun nan fanmi EEC yo gen ladan l:

- Tout tarif pou gad timoun nan fanmi yo ap benefisye yon ajisteman 5,5% pou pi piti akòz lavi chè a. Kèk nan tarif pou gad timoun nan pral jwenn kèk ogmantasyon akòz nouvo estrikti solid pou tarif ki rasanble rejyon ki gen menm endikatè ekonomik ak konbyen gad menm jan yo.


- Yo mete yon finansman kalite sou tarif debaz kounye a. Finansman ap kontribye pou ankouraje kalite, pou tout founisè yo, sa gen ladan l founisè nan sant yo. Ogmantasyon sa a la pou responsab sèvis gadri famiyal yo. Pati konplemantè QRIS (Quality Rating and Improvement System) 3% an pa rezante tankou yon tarif diferan ankò epi li tou nan tarif debaz la ki pi piti ke 2 epi ki pi fò ke 2 pou founisè FCC yo. Sa a te deja nan tarif debaz la pou founisè nan sant yo. Pwogram gadri famiyal yo pa bezwen yon evalyasyon QRIS ankò pou yo resevwa tarif sa a.

## RESOUS

*Kesyon yo poze souvan*

### 1. Ki jan yo te kalkile tarif pou ane fiskal 2024?

#### Sequence of Calculations



Tanpri note sa a, pati sou kalite siplemantè te tou ladan l selon tip pwogram lan.

### 2. Ki chanjman tariffs ki gen ane sa a?

Chanjman sa yo ap aplikab pou tarif ki deja la pou ane fiskal sa a:

- Yon ogmantasyon «jeneral» 5,5% sou tout tarif nan sant pa rejyon epi pa gwoup laj, epitou yon ogmantasyon sou tout tariffs jiska pou pi piti 81% sou pri swen yo;
- Yon ogmantasyon «jeneral» 5,5% sou tout tarif FCC yo pa rejyon epi pa gwoup laj;
- Fè yon sèl twa tarif pou (a) ranje tarif yo ant rejyon ki sanble yon tikras nan kesyon endikatè ekonomik kle yo epi (b) senplifye estrikti pou tarif: 1) Lwès, Sant, Sidès; 2) Nòdès; ak 3) Metwo, ak Metwo Boston;
- Ap ogmante 1\$, l ap pase 23\$ a 24\$, tarif anplis chak jou pou kontra soutyen DCF yo, pou jèn paran yo ak fanmi ki pa gen kote yo rete yo; epi
- Li tou nan pati siplemantè QRIS (3%) ak kalite (8.5%) nan tarif debaz kote ki aplikab yo.

### 3. Poukisa tarif moun k ap okipe timoun nan fanmi an pa t ogmante an fevriye?

Ogmantasyon sou tariffs founisè sèvis gadri famiyal te sou lòd konvansyon kolektif ant EEC ak seksyon lokal 509 nan SEIU. Byenke konsèy edikasyon ak gadri pou timoun piti te vote pou yon ogmantasyon tarif founisè FCC yo a 5,5% ak yon estrikti tarif ki fè yon sèl, li

sou negosyasyon sendikal. Yon fwa ke pwosesis negosyasyon kolektif la te fini, EEC te kapab kòmanse ogmantasyon tarif FCC la. Ogmantasyon pousantaj la retwoaktif jiska 1ye jiyè 2023.

**4. Ki dat kèk ogmantasyon yo te aplike sou tarif yo? Èske pral gen peman retwoaktif?**

Ogmantasyon tarif pou responsab sèvis gadri famiyal ap aplikab Jiyè 2024, ap gen efè retwoaktif 1ye Jiyè 2023. Sa vle di founisè sèvis gadri famiyal pral resevwa ogmantasyon retwoaktif pou sèvis sòti Jiyè 2023 pou rive Jen 2024 ak yon pèman nan Jiyè 2024.

Ogmantasyon sou tarif pou pwogram nan sant ap aplikab an Fevriye 2024 retwoaktif 1ye Jiyè 2023. Sa vle di pwogram nan sant yo te resevwa ogmantasyon retwoaktif yo pou sèvis yo sòti Jiyè 2023 pou rive Janvye 2024 ak pèman an Fevriye, anplis pèman regilye pou sèvis Janvye yo.

Tanpri sonje pwosesis bòdwo a, ki gen ladan jenere liv ak apwouve fakti annatant, ka pi dousman pase nòmal akòz kalkil peman retwoaktif yo. Tanpri bay plis tan anvan ou soumèt tikè HelpDesk. Nou apresye pasyans ou ak konpreyansyon w pandan n ap aplike ogmantasyon sou tarif sa yo.

**5. Kisa ki rive ak QRIS epi ak tarif siplemantè kalite a?**

Sipleman QRIS 3% sou tarif pou tibebe ak timou piti, epitou siplemantè kalite 8.5% pou pwogram nan Sant, pa tarif diferan ankò. Pati siplemantè tou nan tarif de baz yo kounye a, kote sa aplikab, li pap parèt tankou kèk pati siplemantè diferan. Mete sou sa, pwogram yo pa bezwen yon evalyasyon ankò pou yo resevwa tarif QRIS la.

**6. Èske gen kondisyon sou kijan pwogram yo dwe depanse ogmantasyon tarif la?**

Jan sa mande nan lang pou ane fiskal 2024 bidjè leta a (liy 3000-1042 ak 1596-2434), founisè ki nan sant yo dwe itilize lajan yo resevwa pou ogmante salè, benefis, ak alokasyon pou devlopman pwofesyonèl edikatè timoun piti yo. Liy atik 3000-1041, sous finansman pou ogmantasyon tarif FCC a, pa mete restriksyon sou fason yo itilize ogmantasyon tarif yo.

**7. Ki dokiman mwen bezwen pou m kontinye montre kijan mwen te depanse finansman an?**

Pwogram yo pral kenbe dokiman ki montre ke fon yo te resevwa nan ogmantasyon tarif ane fiskal 2024 la te distribye an akò ak pwòp estanda jis epi ekitab yo. Tout dokiman yo dwe detaye sa ki annapre yo:

- Kantite lajan chak anplwaye te resevwa nan salè, benefis oswa alokasyon;
- Dat aplikasyon ogmantasyon salè, benefis oswa alokasyon;
- Rezon ki fè kantite lajan yo bay la; epi
- Dat yo te fè ogmantasyon, benefis oswa alokasyon an.

**8. Èske pwogram yo oblije fè ogmantasyon salè retwoaktif?**

Dat ogmantasyon tarif sa yo se 1ye jiyè 2023. Pwogram yo ta dwe pran pwòp desizyon yo sou fason yo egzekite ogmantasyon salè, benefis oswa alokasyon lè yo itilize finansman sa a.

**9. Èske founisè yo bezwen chanje tarif yo pou fanmi yo jwenn ranbousman konplè nan men leta oswa èske fanmi ki peye prive yo ka peye yon tarif diferan pou swen?**

Non. Bidjè siplemantè ane fiskal 2023 Gouvènè Healey a te enkli yon dispozisyon pou yon egzanpsyon pèmanan pou pwogram gadri an nan kloz limitasyon pri leta te mete nan bidjè final ki te siyen an. Kloz limitasyon pri a te limite kapasite pwogram edikasyon ak swen pou timoun piti yo pou ofri rabè oswa bousdetid ki finanse prive bay fanmi oswa manm pèsonèl yo ki pa t kapab peye tarif leta a. EEC te resevwa yon egzanpsyon ane pa ane nan règ sa a depi 2021, ki pwogram edikasyon ak swen pou timoun piti yo se egzante pou tout tan kounye a. Sa vle di pwogram yo ka ofri rabè oswa bous detid finanse prive bay fanmi oswa anplwaye ki pa kapab peye leta a.

Si oumenm oswa anplwaye ou a gen kesyon sou règleman sa a oswa bezwen plis sipò, tanpri kontakte Sandy Fortier-Hollow nan [sandra.fortier-hollow@mass.gov](mailto:sandra.fortier-hollow@mass.gov).

**PA AJOU**

Estrikte tarif ane fiskal 2024 sa a ranplase estrikte tarif ajans lan apati ane fiskal 2023.